PUPUH XXVI: MEGATRUH (12u, 8i, 8u, 8i, 8o)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Kawarnaa wau ingkang anusul[1] Tuwan Sarip Samparwadi kang kinen těngga Jěng Ratu Kadhaton pan sampun prapti lawan Den Martalayeku[2]	Diceritakan yang menyusul, Tuan Sarif Samparwadi, yang diperintah menjaga Kanjeng Ratu Kedhaton sudah datang dengan Raden Martalaya
2.	Sakancanya Mandhung lan Suranateku wus prapta ngarsa Nrěpati Tuwan atur salamipun Den Měnggung ngusweng padaji Sang Nata kang tyas sumědhot	beserta abdi Mandung dan Suranata sudah sampai di hadapan Raja. Tuan menghaturkan salam, Raden Tumenggung mencium kaki Raja hati Sang Raja terharu.
3.	Lajěng engět mring kang rayi Kangjěng Ratu Kědhaton mesěm tanyaris paran Sarip ing wartamu ingsun dhingin pan meh bali pa- (h. 154) man Ngabei kang kukoh	Lalu ingat adinda Kanjeng Ratu Kedaton tersenyum halus bertanya, “Bagaimana kabarmu, Sarif? Dahulu aku mau pulang, paman Ngabei yang berkeras,
4.	Bacutake ngantěp prang wetan Prageku marmane kalakon iki yen nuruta ing tyasingsun mapan meh kaliru yěkti barěng mulat gěni agung	melanjutkan maju perang di timur Praga maka terjadilah. Kalau menuruti perasaanku, hampir sungguh keliru, setelah melihat api yang besar.
5.	Kaya uga kutha Giri gěni iku Tuwan Sarip atur běkti mila punika saestu kiněpang pun kutha Giri murtad lan kapir sědarum	Seperti juga kota Giri api itu.” Tuan Sarif menyembah, “Memang benar kota Giri dikepung semua murtad dan kafir
6.	Kang denangkah rayi dalěm Kangjěng	Yang menjadi sasaran adinda Kanjeng Ratu.

[1] Kurang satu suku kata.
[2] Seharusnya berakhiran dengan vocal o, tetapi pada naskah ini bait terakhir tembang Megatruh memakai vocal o dan u.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ratu mapan inggih wrĕtineki ingkang gadhah rĕmbag tuhu Pangran Hadiwinateku mring Jendral Pagen cariyos	Demikian itu beritanya. Ada pembicaraan Pangeran Hadiwinata dengan Jendral Pagen mengatakan,
7.	Padukaji lamun kenging Kangjĕng Ratu sampun tamtu lamun gampil marmanya lajĕng kinĕpung nĕnggih ardi Kitha Giri kĕmput tan kenging mĕrojol	Kalau Paduka Raja bisa (ditangkap) maka Kanjeng Ratu sudah tentu akan mudah (mudah ditangkap juga). Oleh karena itu lalu dikepung, gunung kota Giri, rapat tak ada yang lepas.
8.	Kangjĕng Panĕmbahan mapan ngantos muhun ngaturi enggal lumaris mĕngsah pan katingal sampun surak lawan ngĕdrel sami malah (h. 155) kendĕl rayi katong	Kanjeng Panembahan sampai menangis, meminta segera melarikan diri. Musuh sudah tampak, bersorak dan menmbaki, malah adinda raja diam.
9.	Eca lawan aris pangandikanipun Kyai kesah mring pundi rumiyin kawula sampun nuhun mring Rabilngalamin tan ayun ginĕpok ing wong	Tenang dan lirih katanya, “Kyai (mau) pergi kemana? dari dahulu saya sudah memohon kepada Rabilalamin tak mau dijamah orang
10.	Lanang liya putra Paduka satuhu punika malih wong kapir yen sagĕda cĕlak iku kawula pan ngandĕl yĕkti inggih dhumatĕng Yang Manon	lelaki selain putra Paduka, apalagi ini orang kafir. Kalaupun bisa mendekat, saya sangat percaya, kepada Hyang Manon.
11.	Lawan putra sampeyan saestonipun kalamun tan jayeng jurit luhung kawula rumuhun mantuk mring Rahmatolahi	Dan kalau putranda sungguh kalau tidak menang perang, lebih baik saya dahulu kembali ke Rahmatulahi.”

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nulya kapir bĕrĕg purun	Lalu kafir hendak mendesak
12.	Lawan murtad kados sampun pirsa tuhu lamun rayi dalĕm yĕkti antawis suka kĕlangkung kados wontĕn ingkang warti dinugi datan mĕrojol	Dengan murtad sepertinya sungguh sudah tahu, kalau sungguh adinda. Sepertinya sangat senang, seperti yang dikatakan diperkirakan tidak bisa lepas.
13.	Lawan Kangjĕng Panĕmbahan sampun tamtu kĕcakup pĕngraosneki rayi dalĕm Kangjĕng Ratu mapan sa- (h. 156) ngĕt denature nyimpang saking margi sampun	Dan Kanjeng Panembahan sudah tentu, tersentak perasaannya. Adinda Kanjeng Ratu, kata-katanya sangat menyimpang dari kebiasaan yang selama ini.
14.	Lajĕng nurut manjing wana Kangjĕng Ratu nging tan tĕbih saking margi kados marmaning Yyang Agung kapir murtad kang nututi sadaya pan datan anon	Lalu Kanjeng Ratu menurut masuk hutan, tidak terlalu jauh dari jalanan. Seperti ada kuasa Hyang Agung, kafir murtad yang mengejar semua tak bisa melihat.
15.	Ingkang wana ingosak-asik sĕdarum pan lawan densĕnjatani kados langkung manahipun ngulati datan kĕpanggih nulya gung wana ingobong	Hutan diobrak-abrik semuanya, dengan ditembaki, seperti hilang kesabarannya, mencari tak ketemu, lalu seluruh hutan dibakar.
16.	Panĕmbahan kawula tama dikdeku mapan sampun nyipta sabil nging rayi dalĕm Jĕng Ratu tan mantra susah ing galih pan ica lĕnggah kimawon	Panembahan hamba utama yang sakti sudah berniat sabil, tetapi Kanjeng Ratu tak memperlihatkan kesedihan hati, duduk tenang saja.
17.	Sampun tĕlas wana kiwa tĕngĕnipun sĕdaya pan kabĕsĕmi	Sudah habis hutan di kiri kanannya, semua dibakar,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pan anging kĕdhik puniku kawula datan andugi kaelokaning Yyang Manon	hanya (tinggal) sedikit itu. Para hamba tak menyangka, atas kebesaran Hyang Manon,
18.	Datan pasah marma brama langkung agung pĕsanggrahan kitha Giri (h. 157) pan wĕtah sadayanipun sarĕng tita tan kĕpanggih kapir murtad lajĕng bodhol	tidak mempan padahal api sangat besar (sehingga) pesanggrahan kota Giri semuanya masih utuh. Setelah jelas tidak menemukan, kafir mrtad lalu pergi.
19.	Kangjĕng Sultan atanya ing mĕngko iku sakeh repot ana ngĕndi apa mĕksih manggen iku ana kutha Giri maning Tuwan Sarip matur alon	Kanjeng Sultan bertanya, “Sekarang Semua prajurit di mana? Apakah masih tinggal di kota Giri lagi?” Tuan Sarif perlahan menjawab,
20.	Mapan ngalih dhatĕng Ngrĕjasa sadarum sabab sampun tan kuwatir mĕngsah sampun tĕlas iku kalawan Pagĕlen sami Basah tiga sampun mantuk	“Semua berpindah ke Ngrejasa, sebab sudah tidak khawatir, musuh sudah habis. Dan juga semua Bagelen, tiga Basah sudah pulang.”
21.	Apa nora cicir repot iku[3] Tuwan Sarip aturneki nanging nini dalĕm iku Nyai Jawinata kenging binĕkta mring Ngayogja sampun[4]	“Apakah tidak ada yang tertinggal para hamba itu?” Jawab Tuan Sarif, “Hanya neneknda Nyai Jawinata dibawa ke Yogyakarta.”
22.	Kangjĕng Sultan nulya angandika iku mring kang paman Pangran Bei Man Bei sampeyan mantuk rumiyin kula wangĕni pitung dina lan sireku	Kanjeng Sultan lalu berkata kepada pamanda Pangeran Bei, “Paman Bei, Anda pulang dahulu aku beri (waktu) tujuh hari Anda.

[3] Kurang dua suku kata.
[4] Kelebihan satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
23.	Paku- (h. 158) ningrat lawan kabeh sadulurmu wus padha meluwa mulih anggĕntenana sireku mring Mangkudiningrat iki poma aja owah mangko	Pakuningrat dan semua saudaramu semua ikutlah pulang. Engkau menggantikan Mangkudiningrat janganlah berubah.”
24.	Pangran Pakuningrat sandika turipun Jĕng Sultan ngandika malih Paman Bei lamun sampun kilen kĕdhik watirneki kalamun sampeyan wangsul	Pangeran Mangkudiningrat bersedia. Kanjeng Sultan berkata lagi, “Paman Bei kalau sudah di barat, sedikit mengkhawatirkan. Kalau Anda pulang
25.	Basah Ngabdul Latip saprajuritipun sampeyan bĕkta mariki sandika Pangran turipun wus lengser Pangran Bei saking ngarsanya Sang Katong	Basah Abdul Latif dan prajuritnya Anda bawa kemari.” Pangeran menyatakan bersedia. Sudah mundur Pangeran Bei dari hadapan Sang Katong.
26.	Lan Pangran Pakuningrat datan kantun budhalan sĕdherekneki saking Kuwanen sadarum mĕngkana wus tan winarni sagung kapir murtad mangko	Dan Pangeran Pakuningrat tak ketinggalan, berangkat bersama saudaranya semua dari Kuwanen. Demikianlah sudah tak diceritakan. Semua kafir murtad kini
27.	Mapan langkung samya tĕlas manahipun nanging kantun jailneki sabĕn senapati iku samya tinibanan tulis ingĕbang ingicuk-icu- (h. 159) k	sangat kehabisan akal, hanya tinggal kejailannya. Setiap Senapati dikirimi surat, disuap dibujuk.
28.	Jendral Dhĕ Kok Pagen wus aneng Saleku Ngayokja mapan wus sĕpi kapir murtad pan ngalumpuk	Jendrak de Kock Pagen sudah berada di Sala, Yogyakarta sudah sepi, Kafir dan murtad berkumpul semua di Sala.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sadaya neng Sala sami ingkang baris pinartělu	Pasukannya dibagi tiga,
29.	Singasari ing Nglungge kalawan Dělanggu tan purun majěnga malih dhumatěng Kuwanen iku mapan sangět kawusneki wong Pajang prapta sědarum	Singasari, Nglungge, dan Delanggu. (Mereka) tidak mau menyerang lagi ke kuwanen, karena sangat kapok. Orang Pajang semua datang,
30.	Samya sowan dhumatěng Kuwanen iku nulya Kangjěng Sri Bupati anuding Ki Maja iku kinen gitik sagung baris anulya wakil kimawon	Semua datang menghadap ke Kuwanen. Lalu Kanjeng Sri Raja memerintah Ki Maja untuk menyerang beberapa pasukan, lalu mewakilkan saja.
31.	Kyai Maja tan purun těbih Sang Prabu wakil Ki Kasan Běsari kalawan prajuritipun Barjumungah mapan sami angirid Pajang sědarum	Kyai Maja tak mau jauh dari Sang Prabu mewakilkan Ki Kasan Besari dengan prajuritnya Barjumungah mengawal Pajang semuanya.
32.	Kangjěng Sultan mapan amaringi bantu Urawan sakancaneki gya němbang těngara gumruh budhal sagung kang tinuding saking Kuwanen sadarum	Kanjeng Sultan memberikan bantuan Urawan dan pasukannya, segera memperdengarkan tanda, berangkat semua yang diperintah dari Kuwanen semua.
33.	Tan winarna (h. 160) marga Lungge prapta sampun mapan datan ngantos jurit sarěng katingal puniku dědaměl agěng kang prapti tiněrka Bulkiya iku	Tak diceritakan di jalan, sudah sampai di Lungge, belum sampai (ada) pertempuran, ketika terlihat senjata berat datang dikira Bulkiya.
34.	Kapir murtad lagya sangět kawusipun	Kafir dan murtad sedang sangat jera,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	tan ngetang dandanan sami lumayu arěbut dhucung mariyěm tiga kang keri sampun katur mring Sang Katong	tak memperhitungkan senjata lari tunggang langgang. Tiga meriam tertinggal, sudah dihaturkan pada Sang Raja.
35.	Lajěng kinen anggitik ing Singasantun budhal saking Lungge sami minggah dhatěng Singasantun měngkana ingkang abaris Singasari tindhihipun	Lalu diperintahkan menyerang Singasari, berangkat dari Lungge naik ke Singasari. Demikianlah pasukan Singasari, pimpinannya
36.	Mapan Inggris Sětewěr sarěng andulu dhumatěng gaman Měntawis langkung agěng něrka iku Kangjěng Sultan kang nindaki dadya tan lawan ing pupoh	Inggris Setewer ketika melihat senjata Mataram sangat besar mengira Kanjeng Sultan yang berangkat jadi tidak melawan peperangan.
37.	Pan lumajěng datan ngětang donyanipun mariyěm něněm kang kari dadya sadaya pan ngumpul mring Dělanggu dadya siji pan samya sědya rěrěmpon	Lari tak memperhitungkan hartanya, enam meriam tertinggal, jadi semua terkumpul di Delanggu menjadi satu semua ingin berperang.
38.	Sagung putra sěnta- (h. 161)-na Surakarteku prajurit lawan bupati Wělanda pan sampun kumpul aneng Dělanggu abaris nging sědya tadhah rěrěmpon	Seluruh putra dan kerabat Surakarta, prajurit dan bupati Belanda sudah berkumpul di Delanggu pasukannya, hanya ingin menghadang serangan.
39.	Mapan rakit borang lan mariyěm sampun kalih wělas mriyěmneki dědaměl sadayanipun kumpulnya murtad lan kapir wolung ewu cacah kang wong	Sudah memasang ranjau dan meriam, dua belas Meriam. Semua senjata, murtad dan kafir terkumpul delapan ribu orang banyaknya.
40.	Tan kuwawi sagung wadya kang rumuhun	Prajurit yang terdahulu tak kuasa

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dadya kendĕl samya baris nging ajĕng-ajĕngan sampun Kasan Bĕsari tur uning lawan Ki Urawan mangko	sehingga berhenti olehnya berbaris, hanya saling berhadapan saja. Kasan Besari memberitahu kepada Ki Urawan
41.	Lan ngaturkĕn bandhangan mariyĕm sagung Kyai Maja angaturi mring Kangjĕng Sultan pan laju tan arsa sigra Narapati ngĕntosi kang paman mangko	dan memberikan semua meriam jarahan. Kyai Maja memberitahu Kepada Kanjeng Sultan untuk maju. Raja tidak ingin tergesa, menunggu pamanda saja.
42.	Kangjĕng Pangran Ngabei sarawuhipun Kangjĕng Sultan pan sayĕkti kalamun tan tahan iku kang paman Pangeran Bei ingkang tyas kĕlangkung rikoh	Adapun Kanjeng Pangeran Ngabei, setelah datang Kanjeng Sultan sungguh tak tahan. Sang paman Pangeran Ngabei, dalam hati sangat sungkan.
43.	(h. 162) Datan sagĕd mĕrtikĕlakĕn prang pupuh saliyannya Pangran Bei dene Ki Maja puniku tan kenging tinari kardi kalamun katingal mungsoh	(Ia) tidak bisa memberi saran tentang pertempuran, selain Pangeran Bei. Sementara itu, Ki Maja tak bisa diandalkan kalau melihat musuh,
44.	Yen tan ana kewala sangĕt tĕkabur marma Kangjĕng Sri Bupati mapan esmu gĕla tuhu mring Ki Maja ingkang galih langkung ajrih mring Yyang Manon	kalau tak ada saja takabur. Maka Kanjeng Sri Raja agak menyesal sesungguhnya, kepada pendirian Ki Maja, lebih takut kepada Hyang Manon.
45.	Wĕktu iku Ki Maja asring sinĕndhu dhumatĕng Sri Narapati dene kathahĕn tĕkabur nanging kathah kang tan yĕkti	Waktu itu Ki Maja disindir oleh Sri Raja, karena sering takabur. Meski demikian sering tidak sungguh-sungguh,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ajrih sakĕdhap kimawon	(sehingga) takutnya sebentar saja
46.	Saking kathah ingkang dadya sukanipun mĕngkana wus tan winarni Pangran Bei sampun rawuh ngirid Basah Ngabdul Latip lawan saprajuritipun	karena banyak yang menjadikan senang. Demikian sudah tak diceritakan. Pangeran Bei sudah datang, bersama Basah Abdul Latif dan prajuritnya.
47.	Lajĕng atur salam mring Kangjĕng Sang Prabu Basah ngusweng pada Aji riwus Pangran Bei matur niskara wus katur sami Jĕng Sultan sokur Yyang Manon	Lalu menghaturkan salam kepada Sang Raja. Basah mencium kaki Raja. Setelah itu Pangeran Bei mengatakan, “Semuanya sudah disampaikan.” Kanjeng Sultan memuji syukur kepada Hyang Manon.
48.	Riwusnya Kang-(h. 163) jĕng Sultan nulya nantun mring kang paman Pangran Bei lan sampun pinaring wĕruh sabarang pratingkah sami Pangran Bei matur alon	Sesudah itu Kanjeng Sultan lalu bertanya kepada pamanda Pangeran Bei dan sudah diberitahu, segala sesuatu yang terjadi. Pangeran Bei perlahan katanya,
49.	Lamun parĕng lan karsa Kangjĕng Sang Prabu didalĕm Basah satunggil pun Ngabdul Latip Sinuhun lawan saprajuritneki sewu pinaringna bantu	“Kalau berkenan di hati Kanjeng Sang Raja, Abdi Basah satu, yaitu Abdul Latif, Sinuhun, dan prajuritnya seribu, diberikan bantuan
50.	Inggih dhatĕng pun Natapraja puniku didalĕm bupati katri sakidul Ngayogja iku nglĕmpak wontĕn ngarsaji[5] dados botĕn ceweng sampun	kepada Natapraja, tiga abdi bupati di selatan Yogyakarta. Mereka berkumpul di hadapan raja, jadi tidak kurang satupun.

[5] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
51.	Kalih Basah Ngabdul Latip mapan sampun pirsa pakewěd pan sami sawetan margi gěng iku Kangjěng Sultan wus marěngi gya kinen dhawahkěn mangko	Dan lagi Basah Ngabdul Latif sudah memahami semua kesulitan, di timur jalan besar itu.” Kanjeng Sultan sudah menyetujui, lalu diminta diperintahkan.
52.	Basah lawan Pangran Natapraja sampun kinen lajěng baris baki lan angradina puniku sawetan margi gěng sami sandika Basah turipun	Basah dan Pangeran Natapraja sudah diperintah melajutkan siaga di Baki, dan menundukkan di timur jalan besar semua, Basah menyatakan bersedia.
53.	Lajěng budha- (h. 164) l Basah lan prajuritipun saking Kuwanen wus prapti ing Prambanan sampun pangguh lan Pangran Natteprajeki lajěng dhinawuhan mangko	Lalu berangkat Basah dan prajuritnya, dari Kuwanen sudah sampai di Prambanan sudah bertemu dengan Pangeran Natapraja, lalu disampaikan
54.	Ing sěbarang kěrsanya Kangjěng Sinuhun Pangran langkung sukaneki binantonan Basah iku pan sewu prajuritneki bupati katri wus laju	semua kehendak Kanjeng Sultan. Pangeran sangat suka dibantu Basah, dengan seribu prajurit. Ketiga bupati sudah mendahului,
55.	Sarěng lawan gandhek lampahipun[6] Den Měnggung Sumadiningrati[7] lan Raden Jawinateku tiga Kyai Rajaniti kawarnaa Kangjěng Sang Katong	bersama dengan Raden Tumenggung Sumadiningrat, dan Raden Jayawinata, ketiga Kyai Rajaniti. Diceritakan Kanjeng sang Raja
56.	Mapan budhal saking Kuwanen Sang Prabu	sudah berangkat dari Kuwanen. Sang Prabu bersama parajurit dan abdi

[6] Kurang dua suku kata.
[7] Kelebihan satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lawan sawadya kusweki ing Kěndaren sampun rawuh lajěng měsanggrahan aji Pangran Bei matah sampun	sudah tiba di Kendaren, lalu raja beristirahat. Pangeran Bei sudah menugaskan
57.	Ingkang kinen ruměksa pakewěd pungkur Raden Riya Sindurjeki baris Dasasela iku kělawan Tuměnggung Bumi (h. 164) Mas Sutayuda Kějambon	yang bertugas menjaga kesulitan di belakang, Raden Riya Sindureja siaga di Dasasela, serta Tumenggung Bumi Mas Sutayuda di Kejambon.
58.	Pangran Natapraja lan sakancanipun bupati wetan Yogjeki lan Raden Basah puniku Ngabdul Latip budhal sami saking Parambanan sampun	Pangeran Natapraja dan pasukannya bupati timur Yogyakarta dan Raden Basah Ngabdul Latif semua berangkat dari Prambanan.
59.	Datan wontěn ingkang měthuk ing pěrang pupuh mapan lajěng těluk sami wong wetan radinan iku prapta Baki tata baris Sala langkung gegeripun	Tak ada yang menghadang pertempuran, lalu takluk saja, orang timur jalan sampai Baki menata barisan. Di Sala sangat gempar.
60.	Ěněngěna kawarna ing Daren iku Kangjěng Sultan nulya nuding mring sagung bupati iku pan kinen gitika sami marang kang baris Dělanggu	Hentikan diceritakan di Daren Kanjeng Sultan lalu memerintahkan kepada semua bupati. Mereka diperintah menyerang pasukan di Delanggu.
61.	Pangran Sumanagara pangiridipun lan Raden Jayaněgari myang sagung pra dipatyeku mapan sewu kang prajurit saking Kěndaren wus bodhol	Pangeran Sumanagara pemimpinnya, dan Raden Jayanegari, serta semua para adipati. Seribu prajurit dari Kendaren sudah berangkat

No.	Alih Aksara	Terjemahan
62.	Ambantoni marang Kasan Běsari iku neng Kopan barisneki tan winarna prapta sa- (h. 166) mpun nanging samya měnggahneki dadya yun-ayunan mawon	(untuk) membantu Kasan Besari di Kopan pasukannya. Tak diceritakan sudah sampai, tetapi semua ragu-ragu, jadi saling berhadapan saja.
63.	Ki Urawan karsanya Kangjěng Sinuhun mapan kinen mantuk iki lawan saprajuritipun pan gilir ruměksa wingking lan Pangran Hadisuryeku	Ki Urawan menurut kehendak Kanjeng Sinuhun, diperintahkan untuk kembali saja, beserta prajuritnya, bergiliran menjaga sisi belakang dengan Pangeran Hadisurya.
64.	Nanging Pangran Hadisurya dereng rawuh dadya kang ruměksa iki nging Basah kalih puniku aneng Kěndare něrpati Ki Maja Pangran Beiku	Tetapi Pangeran Hadisurya belum datang, Jadi yang menjaga hanya dua Basah di Kendare raja. Ki Maja dan Pangeran Bei,
65.	Tuwan Sarip Tuměnggung Puthut Laweku Dolah Khaji Badarodin lan sagung ngulama iku sewu langkung mapan kědhik ingkang ruměksa Sang Katong	Tuan Sarif, Tumenggung Puthut Lawa, Haji Dullah Badarodin, dan semua ulama, seribu lebih sedikit, yang menjaga raja.
66.	Neng Gěndaren měngkana ingkang winuwus kang baris Koripan sami ingkang rěmbag datan ngumpul mapan pisah-pisah sami sědaya barisanipun	Demikianlah diceritakan di Gendaren, yang siaga di Koripan semua, sepakat tidak mengumpul, berpisah-pisah semua pasukannya.
67.	Wus kapirsa dhumatěng ingkang Sinuhun kělamun měngkana sami (h. 167) kang baris Koripan iku	Sudah diketahui oleh Sang Raja, kalau demikian, pasukan Koripan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dadya langkung amatosi arsa tědhak Jěng Sang Katong	jadi sangat mengkhawatirkan. Kanjeng Sang Raja ingin turun.
68.	Basah kalih mapan dhinawahan sampun nulya atěngara sami budhal sing Kěndaren sampun sawadya kuswa tan kari nyare neng Ngumbul sadalu	Kedua basah sudah diperintah, lalu memberi tanda, berangkat dari Kendaren beserta prajurit dan abdi tak ketinggalan. (Mereka lalu) istirahat di Umbul semalam.
69.	Enjang mangkat Koripan mapan wus rawuh jam sawělas wancineki dadya tanggěl kenděl iku nimbali kang pra dipati Pangran Ngabei neng ngayun	Pagi berangkat, sudah sampai di Koripan pada jam sebelas, jadi tanggung berhenti. (Raja) memanggil para adipati. Pangeran Ngabei di depan,
70.	Lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung kang para ngulama sami lan kang pratiwa nung-anung Kangjěng Sultan ngandikaris mring kang paman Ngabei iku	dan Ki Maja, kedua Basah, semua para ulama, dan para punggawa besar. Kanjeng Sultan berkata kepada pamanda Ngabei,
71.	Paman Bei sampeyan tata puniku sědaya rakiting jurit Pangran sandika turipun nulya nantun Pangran Bei mring Ngusman Libasah mangko	"Paman Bei anda yang menata semua tatanan prajurit." Pangeran menyatakan bersedia, lalu Pangeran Bei bertanya pada Usman Alibasah.
72.	Basah Ngusman měng- (h. 168) kana ing aturipun inggih kělamun marěngi mangke yen wus salat Luhur lan angsal aso sakědhik	Basah Ngusman mengatakan demikian, "Ya kalau boleh nanti kalau sudah sholat Luhur, dan sudah istirahat sebentar.
73.	Mring ature Seh Ngusman Libasah iku nulya Jěng Pangran Ngabei	Atas pembicaraan Seh Ngusman Alibasah itu, lalu Kanjeng Pangeran Bei

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	andangu mĕngsah Dĕlanggu kathahnya myang rakitneki Kasan Bĕsari turnyalon	menanyakan (tentang) musuh Delanggu, jumlah dan tata (perangnya). Kasan Besari perlahan katanya,
74.	Ingkang wau mapan mĕngsah wolung ewu sarĕng Pangran prapteng Baki lan Basah Tul Latip iku mĕngsah suda sewu mangkin dados kantun pitung ewu	“Tadi ada delapan ribu musuh, ketika Pangeran sampai di Baki dengan Basah Abdul Latif musuh berkurang seribu, jadi tujuh ribu.
75.	Nging mariyĕm taksih kalih wĕlas iku lawan jendralipun maksih myang putra santana sagung lan Ngayogja wontĕn sami anglĕmpak Dĕlanggung sampun	Hanya meriam masih dua belas, dan jendralnya masih, serta semua putra kerabat, Yogyakarta juga ada, sudah berkumpul di Delanggu.
76.	Nging Kĕlathen mapan mĕksih kĕdhik iku myang Kalitan inggih mĕksih lawan ing Kartasureku mapan Dĕlanggu (h. 169) puniki mara tiga barisipun	Hanya di Klaten masih sedikit, serta Kalitan juga masih, dan di Kartasura. Di Delanggu ini dibagi tiga pasukannya.
77.	Jendral lawan putra santana sadarum wontĕn tĕngah barisneki ingkang kidul saradhadhu ler sagung para dipati Pangran Bei atanyalon	Jendral beserta putra dan semua kerabat di tengah barisnya. Yang selatan adalah serdadu, utara semua para adipati.” Pangeran Bei perlahan bertanya,
78.	Kanca Pajang Paman pintĕn barisipun sĕdaya kang dika irid Kasan Bĕsari turipun mapan inggih sewu nanging kĕjawi prajuritipun	Pasukan Pajang berapa kelompok yang engkau pimpin?” Ucap Kasan Besari, “Seribu tetapi kecuali prajuritnya
79.	Adhi Maja kanca Barjumungah iku	Adinda Maja, pasukan Barjumungah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang minangka ototneki kanca ing Pajang sadarum mesěm Kangjěng Pangran Bei anulya ngandika alon	yang menjadi ototnya pasukan Pajang semuanya.” Pangeran bei tersenyum, lalu perlahan katanya,
80.	Basah Iman Basah Ngusman rěmbagipun mapan wus karuwan iki ingkang měsah aměrtělu paran ing prayoganeki Ngusman Libasah turnyalon	“Basah Iman dan Basah Ngusman kesepakatannya, sudah jelas (yakni) olehnya memerangi dibagi tiga. Bagaimana sebaiknya?” Ngusman Alibasah berkata perlahan,
81.	Lamun parěng prayogi běbahan iku. Sampun tulung-tinulungi amrih mantěp tekadipun rehning wong karo- (h. 170) ban tandhing lan kuciwa papanipun	“Kalau boleh sebaiknya serangan itu, jangan saling menolong, supaya mantap tekadnya, karena musuh dalam jumlah banyak, dan susah tempatnya.
82.	Lamun botěn tan měkatěn wande iku iren dados ngapirani dene kawula saestu botěn nuwun bantu malih nging kanca kula kimawon	Kalau tidak demikian, akan menjadi saling iri sehingga abai. Adapun saya sungguh tidak meminta bantuan lagi, hanya pasukan saya saja,
83.	Kang Bulkiya tigang atus mapan sampun dene kang kula pilih těngah gen wurohanipun dadosa dhumatěng sabil mapan wus sinědya batos	Bulkiya tiga ratus sudah. Adapun yang saya pilih berada di tengah tempat bentrokan, semoga menjadi sabil. Itu sudah keinginan hati,
84.	Lawan sae kang wingking pocapanipun Basah Iman mapan malih kang panggenan saradhadhu dene barising bupati lan sagung ingkang pěkewoh	dan di kelak kemudian menjadi pembicaraan yang baik. Basah Iman dan lagi tempat serdadu. Adapun barisan bupati dan semua kesulitan,
85.	Lan kawula sumangga Paduka sampun	Sudah saya serahkan Paduka.”

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Basah kalih aturneki Pangran Bei ngandikarum yen mĕngkono kang dipati dadi katĕmpuh maring wong	(Demikian) kata kedua Basah. Pangeran Bei berkata dengan manis, "Kalau demikian, adipati akan bertempur dengan orang,
86.	Iya keh kanca bupati Mĕntarum[8] nanging durung miyatani[9] ki- (h. 171) narya ngantĕp prang pupuh putu Basah Ngabdul Khamid aku jaluk otot-otot	yakni pasukan bupati Mataram. Namun demikian (mereka) belum terpercaya sebagai penyerang pertempuran. Cucu Basah Abdul Kamid, aku minta (sebagai) otot-otot.
87.	Kang prajurit Suraya lironi ingsun Mandhung lan Suranateki Suragama iku putu ingkang dherek Sri Bupati Mantrijĕro bae cukup	Prajurit Suraya menggantikanku, Mandhung dan Suranata, serta Suragama, begitulah cucu. Yang ikut Sri Raja Mantrijero saja cukup.
88.	Gamĕl ngampil ponakawan iku putu anakmas adhimas iki prandene wus padha nusul Basah Iman aturneki mapan sumangga kimawon	(Adapun) yang merawat kuda mengambil dari *punakawan*, demikian cucu. Ini *anakmas* dan *adimas* sudah menyusul." Basah Imam katanya, "Terserah saja."
89.	Pangran Bei malih angandika iku dika Ki Kasan Bĕsari kang prajurit Pajang sewu lawan Barjumungah sami sampun wontĕn melu pupuh	Pangeran Bei berkata, "Engkau Ki Kasan Besari, Prajurit Pajang seribu (jumlahnya) serta Barjumungah semua sudah ada yang ikut bertempur.
90.	Ing Dĕlanggu barisa Wiyagang iku ngarĕpĕna mĕngsah kalih Kalitan Kartasureku sandika Kasan Bĕsari	Di Delanggu siaga di Wiyagang, hadapilah dua musuh, Kalitan dan Kartasura." Kasan besari bersedia.

[8] Kurang satu suku kata.
[9] Sesuai konteks dibaca *mitayani*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nging po- (h. 172) ma dika denkukoh	“Tetapi hendaknya engkau kuat
91.	Amrih sampun angeroni ing prang pupuh Jayaněgara sireki lawan Kartaněgareku katělu Sěcaněgari padha barisa ing nglurung	supaya tidak ragu dalam peperangan. Engkau Jayanegara, dan Kertanegara, bertiga dengan Secanegara, bersiagalah di jalan
92.	Gědhe iya ngarěpěna ingkang mungsuh ing Kělathen bok mětoni nging poma padha denkukuh wus padha bubuwan iki sandika samya turipun	besar. Hadapilah musuh di Klaten. Hadapilah, tetapi hendaknya perkokohlah. Sudah, serbulah!” Semua mengatakan bersedia.
93.	Sampun rampung nulya kinen mangkat iku něnggih Ki Kasan Běsari lan Pajang prajurit sewu těnapi tuměnggung katri sing Koripan sarěng bodhol	Sudah selesai lalu diperintahkan berangkat. Adapun Ki Kasan Besari dan Pajang serta seribu prajurit, dan juga tiga tumenggung, berangkat dari Koripan,
94.	Ngrumiyini ing Wiyagang prapta sampun něnggih Ki Kasan Běsari lajěng tata baris nglurung dene kang bupati katri ing Ngaljur[10] pan prapta sampun	mendahului sudah sampai di Wiyagang. Sementara itu Ki Kasan Besari, lalu menata barisan di jalan. Adapun tiga bupati di Nglajur sudah sampai,
95.	Mapan inggih lajěng samya baris nglurung Koripan ingkang winar- (h. 173) ni lajěng samya salat Luhur bakda Basah kalih nuli gya němbang těngara pupoh	lalu berbaris di jalan. (Kini) Koripan yang dikisahkan. (Mereka) semua kemudian bersama-sama salat dzuhur. Usai (bersalat), kedua Basah lalu segera membunyikan penanda peperangan.
96.	Mapan sampun prajurit lajěng měrtělu	Setelah (itu), prajurit (berangkat) kemudian

[10] Sesuai konteks dibaca *Nglajur*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Basah Iman Ngabdul Kamil mapan kang budhal rumuhun pinilih kang munggeng ngarsi Raden Prawiradirjeku	(orang) bertiga. (Pertama), Basah Iman Ngabdul Kamil yang berangkat terlebih dahulu. (Ia) yang dipilih (untuk) berada di depan. Raden Prawiradirja
97.	Ingkang dadya pangiriding prang puniku nulya Mandhung kang nambungi Den Měnggung Martalayeki Dolah Kaji Badarodin prajurit Suryagameku	yang menjadi pengiring perang tersebut. Segera (prajurit) Mandhung yang menyambung (jalannya). Raden Tumenggung Martalaya, Dolah Haji Badarodin (diiringi) prajurit Suryagama.
98.	Tuwan Sarip Samparwadi ngirid iku prajurit Suranateki Gusti Basah munggeng pungkur ginarěběg sěntaneki anglir Raden Abimanyu	Tuan Sarif Samparwadi mengiringi prajurit Suranata. Gusti Basah berada di belakang diiringi para kerabatnya bagaikan Raden Abimanyu.
99.	Mapan nitih turangga pun prěrang gěmuh nulya Kangjěng Pangran Bei budhal lan Ki Maja iku kang dadya cucuking jurit Pangran Sumaněgareku	(Gusti Basah) menaiki kuda perang (yang) gemuk. Kanjeng Pangeran Bei berangkat dengan Ki Maja. (Seseorang) yang menjadi pemimpin prajurit (adalah) Pangeran Sumanegara.
100.	(h. 174) Rajaniti nulya Jěng Pangeran iku lan Ki Maja munggeng wingking ginarěběg ngulama gung budhal sing Koripan sami nulya Bulkiya bodhol	(Kyai) Rajaniti, lalu Kangjeng Pangeran, dengan Ki Maja berada di belakang diiringi (para) ulama (dalam jumlah) besar berangkat dari Koripan bersama. (Prajurit) Bulkiya lalu berangkat.
101.	Ingkang dadya pangiriding aprang iku Seh Dulah Kaji Dulkadir nulya Seh Dulah puniku Kaji Mustapa nambungi	(Seseorang) yang menjadi pengiring perang (adalah) Seh Dulah Kaji Dulkadir, lalu Seh Dulah, Kaji Mustapa menyambungi,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Seh Ngusman Libasah pungkur	Seh Ngusman Ali Basah (berada di) belakang.
102.	Kang tĕnagara tinĕmbang swaranya umyung mapan langkung gĕgirisi mĕngkana Bulkiya iku sampung karsaning Yyang Widi yen badhe lan nang palugon	Penanda dibunyikan, suaranya sangat keras (dan) sangat menakutkan. Demikian (prajurit) Bulkiya, sudah (menjadi) kehendak Tuhan jika hendak berjalan menuju medan laga.
103.	Kang tĕngara lir muni ngawiyat sagung nulya mandhe pusakadi waos Ki Barutubeku Bulkiya samya udani kĕlamun murub lir obor	Bunyi penanda seperti (menembus) angkasa, semua (prajurit) segera membawa pusaka ampuh tombak Ki Barutuba. Prajurit Bulkiya semua memahami bahwa (tombak itu) menyala bagai obor.
104.	Pan mĕngkana Bulkiya tĕngĕranipun tabuhan lan waosneki dadya (h. 175) tan ajrih pakewuh sagunging Bulkiya sami ing Dĕlanggu kang winuwus	Demikian prajurit Bulkiya penandanya (berupa) tabuhan lan tombak (pusaka)nya. Menjadi berani (dan) tiada sungkan seluruh prajurit Bulkiya. Dikisahkan yang (berada) di Delanggu
105.	Mapan sampun kauningan baris agung mĕrtiga deninggahi[11] kapir murtad atat sampun nulya ngĕdrel mriyĕm sami mapan sarĕng praptanipun	sudah diketahui (mengerahkan) barisan (prajurit yang) besar (yang) dipimpin (pemimpin) bertiga. Kafir murtad bermacam-macam telah (bersiap) lalu (mereka) semua saling menembak (dengan) meriam setelah datangnya
106.	Basah Iman lawan Basah Ngusman iku tĕnapi Jĕng Pangran Bei dadya tan tulung-tinulung langkung rame swaraneki sĕnjata lir gunung rubuh	Basah Iman dengan Basah Ngusman. Akan tetapi Kanjeng Pangeran Ngabei menjadi tidak tertolong atau ditolong. Sangat riuh, suaranya senjata bagai gunung roboh/

[11] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
107.	Ingkang baris wiyagang měngkono iku lawan ing Nglajur pan sami dadya tanpa rungan iku unine kang sěnjatalit baru lan mariyěmipun	Demikian yang berbaris (dan) gemar berperang serta semua (prajurit) di Nglajur menjadi tidak (bisa) mendengar (sebab) suaranya senjata kecil, baru serta meriamnya.
108.	Kangjěng Sultan sakeca ing tyasipun[12] kantun pěsanggrahan iki aneng Koripan puniku nulya mundhut kang turanggi Ki Wijayacapa katur	Kangjeng Sultan nyaman hatinya. Tinggal (di) perkemahan (yang berada di) Koripan. (Sultan) segera megambil kuda. Ki Wijayacapa diminta (supaya)
109.	Sampun nitih mantri lěbět munggeng ngayun (h.176) Puthut Lawa kang pangirid lawan Puthut Guritneku, Gamël Ngampel aneng wingking lawan ponakwan sagung,	tidak melampaui *mantri lebet* yang ada di depan. Puthut Lawa yang memimpin bersama Puthut Guritna, (sementara) pekatik Ngampel berada di belakang dengan seluruh abdi *punakawan.*
110.	Kang sěntana Pangran Suryawijayeku, Pangran Suryadipureki, Pangeran Suryadipureku, Pangran Adiněgareki, Pangran Těpasonta mangko,	(Para) sentana (yaitu) Pangeran Suryawijaya, Pangeran Suryadipura, Pangeran Suryadipura, Pangeran Adinegara, Pangeran Tepasonta,
111.	Pangeran Wijil Pangran Mangkudipureku, neng marga kapěthuk iki, satunggal suraya tatu, kenging pelor dhadhaneki butul nanging takat iku,	Pangeran Wijil, Pangeran Mangkudipura berada di jalan bertemu satu bala bantuan (yang) terluka terkena peluru dadanya (hingga) tembus tetapi (ia) kuat menahan (sakit).
112.	Kang Sinuhun ingkang tyas sangsaya langkung, kuwatir piněla̲k prapti, Bulkiya panggenanipun	Sang Raja di dalam hati semakin khawatir. (Ia) tergesa (untuk) sampai (di) markas prajurit Bulkiya. Ngusman Ali Basah ketika mengetahui

[12] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ngusman Li Basah duk uning, lamun sinusul sang katong	saat (tiba), (lalu) disusul Sang Raja.
113.	Langkung ajrih kang Bulkiya tigang atus nirbaya wus tan kaeksi, samya rĕmpĕk ajĕngipun nging tan sagĕt sarĕng sami, pan urut galĕng kima-(h.177)-mawon	Tiga ratus prajurit Bulkiya sangat takut. Keberanian sudah tak terlihat. (Mereka) semua carut-marut peperangannya, tidak dapat berjalan kompak. (Mereka kemudian) mundur (melalui) pematang saja.
114.	Ingkang sabin langkung lĕbĕt paluhipun marma turut galĕng sami, prajurit Bulkiya sagung, ingĕdrelan denmriyĕmi, Bulkiya pan turut kukus	Sawah itu sangat dalam bolongannya. (Mereka) semua melewati pematang. Seluruh prajurit Bulkiya ditembaki (dan) dimeriami. Bulkiya jalan (berselimuti) asap,
115.	Ingkang pelor pan wus tanpa karya tuhu, dadya Kapir Murtad sami, kĕlangkung gila andulu mring Bulkiya lajĕngneki, nulya bubrah tatanipun	peluru sungguh tidak berguna sama sekali. Kafir dan murtad sekalian sangat ketakutan melihat sikap Bulkiya. (Kafir murtad) lalu berantakan barisannya.
116.	Sagung putra santana Surakarteku, carub kalawan wĕlandi, ingkang agĕng-agĕng iku, mapan langkung gegerneki, samya rĕbutan kudeku,	Segenap putera (dan) kerabat Surakarta bercampur dengan Belanda yang besar-besar tersebut. Sangat gegernya (keadaan). (Mereka) saling berebut kuda.
117.	Mapan dadya kapiran tan angsal iku, kasĕlak Bulkiya prapti, pan lumajĕng rĕbut dhuwung, mĕngkana Pangeran Behi, ing Surakarta pan kantun	(Mereka) menjadi sangat kasihan (karena) tidak dapat (kuda), keburu Bulkiya tiba. (Prajurit Surakarta) berlari untuk merebut keris. Demikian Pangeran Bei dari Surakarta tertinggal.
118.	Pĕlajĕngnya pas nuju kapĕthuk iku, lan Dulah kang ji Dul Kadir,	Berpapasan ketika berlari dengan Dulah Haji Abdul Kadir. Lalu sambil ingin mengangkat

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lajěng ing ngancaran iku, waos něbda Pangran Be(h. 178)hi, Eh Ngabdul Kadir sireku,	tombak Pangeran Bei sambil berkata, “Hai dikau Abdul Kadir
119.	Apa pangling sira iku marang ingsun, Dullah Dul Kadir sauri, inggih mapan botěn pandung, nging paduka sapuniki, pan sampun murtad sayěktos,	Apakah dikau melupakanku?” Dulah Abdul Kadir menjawab, “Iya saya tidak lupa. Namun, saat ini paduka sudah sungguh-sungguh murtad”
120.	Kangjěng Pangran anuli winaos iku, mring Dullah kaji Dul Kadir, pan dhawah kontal puniku, wungu pan winaos malih, nanging karsaning Yang Manon,	Kanjeng Pangeran lalu ditombak oleh Dulah Haji Abdul Kadir. (Dia) terjatuh dan terlempar, bangun lalu ditombak lagi. Namun kehendaknya Hyang Manon
121.	Mapan datan tumama Jěng Pangran iku, ngantos pugut waosneki, Kangjěng Pangran gya riněbut, marang sagung ingkang abdi, lajěng biněkta lumayu,	Kanjeng Pangeran jatuh sudah tidak berdaya hingga patah tombaknya. Segera Kanjeng Pangeran direbut oleh semua abdinya lalu dibawa pergi.
122.	Nging kang abdi langkung kathah ingkang lampus, tunggal bangkene kapir, kang samya nunggang puniku, kareta kěbutuh sami, tinututan samya anjlok,	Namun abdinya banyak yang tewas menyatu bersama mayatnya orang kafir. Semuanya menaiki sama-sama naik kereta, dikejar dan berhamburan turun semua.
123.	Pan wus bědhah ingkang baris kathah iku, mariyěm něněm kang kari, (h.179) kareta pan tiga iku, měngkana ingkang winarni, kang baris ěler wus campuh,	Sudah hancur barisan yang banyak itu meninggalkan enam meriam dan tiga kereta. Begitulah yang diceritakan, barisan sebelah utara sudah bertempur
124.	Bupati ing Sala pan tindhihipun,	Bupati yang berkuasa di Sala

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kalawan mancaněgari, aněnggih Raden Tumenggung, Sasrawinataneki, kang rayi patih seleku,	dengan Mancanegara ialah Raden Tumenggung Sastrawinata yang merupakan adik dari Patih Sala.
125.	Pan kětanggor panggih Dulah Surayeku, Raden Busungeb puniki, mapan samya purunipun, pan tan sedya mundur kalih, dangu sěnjatan mangko,	Tidak sengaja bertemu Dulah Suraya itulah Raden Busungeb. Keduanya sama-sama berani (dan) keduanya tidak ingin mundur (malah) saling mengadu senjata.
126.	Ngantos tělas kang sěndawa kalihipun, Raden Sasrawinateki, mapan nulya nyandhak lawung, Busungeb mundur anuli, Den Sasrawinata nguwoh,	Sampai habis mesiu keduanya. Raden Sastrawinata kemudian mengambil tombak, Busungeb segera mundur (dan) Raden Sastrawinata berujar
127.	Heh prajurit baliya aja lumayu, Den Dulah Busungeb angling, ingsun pan ora lumayu, arěp jupuk tumbak mami, antinen sadhela kono,	"Hai prajurit pulanglah, (namun) jangan berlari" Raden Dulah Busungeb berkata, "Saya tidak akan lari sebab akan mengambil tombak milik saya, tunggulah sejenak di sana"
128.	Raden Dulah Bu-(h.180)-sungeb wus salin lawung, gya wangsul prapta anuli, gěbang giněbang adangu, pan samya prawira kalih, nanging karsaning Ywan Manon,	Raden Dulah Busungeb sudah berganti tombak lalu segera menghampiri kembali. Sekian lama tangkis-menangkis, keduanya sama-sama kuat. Namun kehendaknya Hyang Manon
129.	Raden Měnggung Sastrawinata puniku, kasliring winaos kenging, jajanira mapan butul,	Raden Tumenggung Sastrawinata dalam sekejap terkena tombak hingga nenembus dadanya, terjatuh lalu meninggal.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	niba lajěng angěmasi, Bupati sědaya mawur,	Semua Bupati kacau balau.
130.	Ing mantri mapan kathah samya lampus, mariyěm tiga kang kari, ingkang ler wus bědhah iku, nging kantun kang kidul iki, Basah Iman mapan langkung,	Para Mantri banyak yang sudah tewas, meninggalkan tiga meriam yang di utara sudah rusak tinggal yang di sebelah selatan. Basah Iman sangat sedih
131.	Dening keros pan kinarya lesan iku, datan sagěd majěng iki, mapan langkung ewědipun, paluh lawan den borangi, lan kanděl pagrěnya mangko,	Disebabkan keraguan akan dijadikan sasaran Tidak mampu untuk maju sebab sangat besar halangannya. Ada tanah berlumpur dan jebakan bambu runcing, dan juga pagarnya sangat tebal.
132.	Kang prajurit pinilih sěnjatanipun, pelornya pan tanpa kardi, sagung wong Suměněp iku, sasuka-sukanireki, ngangsalakěn sěnjatanipun,	Senjata para prajurit terpilih itu pelurunya tidak berguna. Seluruh prajurit Sumenep, sesuka-sukanya mereka memberdayakankan senjatanya.
133.	Lan mariyěm Su(h.181)ltan Suměněp pan langkung, suka denira udani, prajurit pinilih iku, mapan kathah ingkang kanin, pitulas kang samya tatu,	Juga Sultan Sumenep dengan meriamnya sangat senang (ketika) mengetahui bahwa para prajurit terpilih (hingga) banyak yang tewas tergeletak, dan tujuh belas yang terluka.
134.	Pan ngabehi satunggil pinilih tatu, Ki Surawana wěsteki, nging samya tan punapeku, Rangga sěkawan anangis,	Salah satu abdi *Ngabehi* terpilih terluka Ki Surawana namanya, namun semuanya tidak apa-apa. Empat abdi golongan *rangga* menangis

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	saking kakuning tyasipun,	sebab susah hatinya.
135.	Sadangunya kinarya lesan puniku, majěng datan sagěd sami, dening borang lawan paluh, yun matur rangga samya jrih, mring Gusti Basah puniku,	Selama dijadikan sasaran tembak tidak dapat berjalan maju. Sebab ada jebakan bambu runcing dengan tanah berlumpur. Para *rangga* ingin melapor (namun) takut kepada Gusti Basah.
136.	Raden Dulah Prawiradirja gya matur, dhatěng Basah Ngabdulkamil, mapan sarwi nangis iku, ngaturi mundur rumiyin, mapan sangět ewědipun,	Segera Raden Dulah Prawiradirja berkata kepada Basah Abdulkamil sembari menangis, memohon agar mundur dahulu karena sangat sulit (posisinya).
137.	Datan sagěd malěs dados lesan iku, pun wa rangga samya nangis, Prawiradilaga iku , lawan Prawiradirjeki, Bahuyuda jadraneku,	Tidak dapat membalas ketika menjadi sasaran tembak. Para *rangga* semuanya menangis, ialah Prawiradilaga dan Prawiradirja, Bahuyuda, juga Jadrana.
138.	Basah Iman ngandika pan asmu běndu, lamun padha wedi mati, wus mundura kabeh (h.182) iku, ingsun tan sědya gumingsir, pan wus dadi jangjiningong,	Basah Iman berkata dengan marah, “Kalau takut mati, sudah mundurlah semua. Saya tidak akan goyah sebab itu sudah menjadi janji saya.”
139.	Dullah kaji Tuwan Sarip samya matur, nging měksa tan piněrduli, Raden Prawiradirjeku, lajěng nyandang atur uning, dhumatěng Kangjeng Sang Katong,	Dulah Haji Tuan Sarif berkata namun tetap tidak dipedulikan. Raden Prawiradirja lalu segera memberi kabar kepada Paduka Raja

No.	Alih Aksara	Terjemahan
140.	Lawan Raden Jayasěntana puniku, měngkana Jěng Sri Bupati, mapan lagya lěnggah iku, aneng sangandhap waringin, kagyat sarěng praptanipun,	bersama Raden Jayasentana. Demikian Paduka Raja (yang) sedang duduk di bawah pohon beringin, terkejut atas kedatangan mereka.
141.	Raden Dulah Prawiradirja umatur, pukulun putra něrpati, Jěng gusti basah puniku, tan kenging ambaturi, pinilih pan kathah tatu,	Raden Dulah Prawiradirja berkata, “Putra Paduka Kanjeng Gusti Basah tidak dapat menjadi pengganti. (Prajurit) pinilih banyak yang terluka
142.	Pan kinarya lesan ing sadangonipun, malěs datan saged yěkti, pan langkung pakewědipun, pelor langkung děrěsneki, putra dalěm měksih manggung,	sebab dijadikan sasaran tembak sungguh tidak dapat membalas, sangat banyak halangannya dan peluru sangat deras (ditembakkan). Putra Paduka masih berjuang.
143.	Wontěn kuda kawula aturi mundur, putra dalěm datan apti, mapan pangandikanipun, lingsěm yen tan bědhah ugi, něnggih Dě(h.183)langgu puniku,	Ada kuda dan saya persilakan mundur, (tetapi) putra paduka tidak bersedia. Perkataannya malu jika belum hancur negeri Delanggu.”
144.	Kangjěng Sultan sarěng miarsa turipun, Raden Prawiradirjeki, mapan langkung watosipun, nulya mundhut kang turanggi, Ki Jayacapa wus atur,	Setelah Kanjeng Sultan mendengar ucapan Raden Prawiradirja, (ia) menjadi sangat khawatir, lalu segera mengambil kudanya, yang sudah disiapkan Ki Jayacapa.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
145.	Sampun nitih lawan angandika iku, kabeh ja na mĕlu iki, kariya kene sireku, sandika samya tur seki, nulya mangkat Jĕng SangKatong	Sesudah menaiki kemudian berkata “Semua jangan ada (yang) mengikuti kalian tinggallah di sini” “Baik” jawab semuanya. Segera berangkat Paduka Raja
146.	Ingkang dherek nging Den Prawiradirjeku, kalih Den Jasĕntaneki, tan pantara nulya rawuh, gennya Basah Ngabdul Kamil, Kangjĕng Sultan anĕbda lon,	yang menyertai Raden Prawiradirja dengan Raden Jayasentana. Tidak berselang lama sudah sampai di tempatnya Basah Abdul Kamil, Kanjeng Sultan berkata lembut,
147.	Wus ta kulup payo mundur dhingin iku, luru dalan ingkang bĕcik, Basah Iman datan matur, malah datan aningali, dhumatĕng Kangjĕng Sang Katong,	“Sudahlah, Nak, mari mundur dulu, cari jalan yang terbaik.” Basah Iman tidak dapat berkata-kata bahkan tidak (sanggup) melihat pada Paduka Raja.
148.	Sri Nalendra dadya langkung watosipun, nulya nĕnuhun Ywang Widi, mĕngkana pan ana lesus, saking kidul wĕtan i(h.184)ki, kang brama sangkannya tan boh,	Paduka Raja menjadi lebih khawatir lalu memohon pada Hyang Widi. Kemudian ada angin topan dari arah tenggara muncul api yang tidak diketahui asalnya.
149.	Lajĕng bĕsmi sadaya wisma Dĕlanggu, lawan pagĕr pagĕr ĕnting, Sumĕnĕp katĕmpuh iku, mapan kathah ingkang mati, kobong langkung gegeripun,	Api membakar semua rumah di Delanggu juga pagar-pagar habis. (Prajurit) Sumenep (juga) diterjang api sehingga banyak yang tewas terbakar, sangat kacau.
150.	Kang prajurit pinilih sarĕng jĕngipun,	Prajurit pinilih bersama maju,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ngamuk lawan waos sami, mapan sarĕng brama iku, Sumĕnĕp lumajĕng iki, mĕngaler cinĕgat iku,	mengamuk dengan tombak semua bersama api. (Prajurit) Sumenep berlarian ke arah utara lalu dicegat
151.	Mring Seh Ngusman Li Basah sakancanipun, Bulkiya samya numbaki, wangsul tinadhahan iku, marang prajurit pinilih, dadya kĕdhik kang marojol,	oleh Seh Usman Ali Basah sepasukannya. Semua Bulkiya menombaki kembali ditangkis (juga) dihadapi oleh prajurit pilihan sehingga sedikit yang terlepas.
152.	Langkung kathah bangkene Sumĕnĕp iku, wus bĕdhah Delanggu sami, mĕngkana ingkang tutulung, saking Kĕlathen wus prapti, nglajur tinadhahan sampun,	Semakin banyak mayat (prajurit) Sumenep Delanggu telah ditaklukkan. Demikian bala bantuan dari Klaten telah datang, berderet sudah menangkis (serbuan)
153.	Marang Jayanĕgara Canĕgareku, katiga Kartanagari, bantu tan kuwawi wangsul, ingkang ler mĕngkana malih, saking Kalitan yu(h.185)n tulung,	pada Jayanegara dan Secanegara, ketiga Kartanagara, tidak kuat membantu lagi. Yang di utara juga demikian, dari Kalitan ingin memberi bantuan,
154.	Lan ing Kartasura sarĕng praptanipun, wiyagang wus den dhadhahi, mring Kasan Bĕsari iku, lan prajurit pajang sami, dadya pur samya duripun,	datang bersamaan di Kartasura. Wiyagang telah dipagari oleh Kasan Besari dan para prajurit Pajang sehingga seimbang sama-sama kalah.
155.	Kawarnaa Kangjĕng Sultan pan wus kondur, dhumatĕng kori pan malih,	Diceritakan Kanjeng Sultan yang sudah pulang, kembali menuju gerbang lalu istirahat di situ.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lajěng měsanggrahan iku, Pangran Behi sampun prapti, Kalawan Ki Maja iku,	Pangeran Bei sudah datang dengan Ki Maja
156.	Basah kalih lajěng samya sowan iku, dhatěng Kangjěng Sri Bupati, ngaturkěn bandhanganipun, mriyěm kalih wělas iki, ingkang katur mring Sang Katong,	bersama-sama Basah menghadap pada Paduka Raja melaporkan hasil jarahan berupa dua belas meriam, itu yang dilaporkan pada Paduka Raja.
157.	Rajabrana mapan langkung kathahipun, nanging tan katur Sang Aji, mapan sampun lajěng sinung, kang samya angsal pribadi, lir mariyěm lawan songsong	Perhiasan (yang) tertinggal banyak sekali namun tidak dilaporkan pada Paduka Raja karena telah dibagikan. Semua yang diperoleh secara pribadi. Seperti meriam dan payung
158.	Lan gěndera ingkang katur mring Sang Prabu, Sang Nata mesěm tanya ris, mring kang paman Ngabehiku punapa lujěnga sami, kang sědya prang rěrěmpon,	Serta bendera dihaturkan pada Paduka Raja. Paduka Raja tersenyum dan bertanya pelan kepada paman Ngabehi “Apakah semuanya selamat yang berniat dalam perang habis-habisan?”
159.	Pangran Behi měngkana ing (h.186) aturipun, sědaya pan lujěng sami, angsal pangěstu Sang Prabu, nanging kathah ingkang kanin, měgatruh gumanti pucung.	Ucap Pangeran Bei demikian, “Semuanya sudah aman sebab mendapat berkat Paduka Raja, namun banyak yang terluka.” Megatruh berganti pucung.